InfoVIHtal

INFORMACIÓN BÁSICA SOBRE EL VIH

EDITION 2024
WOLOF

# Walante wate bou béss djiangoro VIH




**Dina gnouye wakhné walate nanou nite diijiangoro VIH, boudé domou djiangoro dji nékone si bire yaramame, danou ko walate bénéne bou outé ak baffa nékone. Walate bou béss bobou meuna amé si yones yi gnouye walanté domou djiangoro dji come sa dieulbéne ba (si yonou séye té dieuffeudinko wo kawasse, wala ngaye boke ayes pingou ak yénéni yones). Meune nga guisse dioumetouwaye yi la chiye mouchale, béneu la ak yi ko djitou (kholale kheuyite bi gnou chi khatime témou toudou infoVIHtal: Si ni gnouye walanté djiangoro VIH ak nignou chi meuna mouché)**

## Boudé danou maye dieule garabe biye khékhe djiangoroye VIH bala ma amé djiangoro dji?

Si yone you beurri, walate la bou béss domou djiangoroye VIH doulaye indile ayes diaffé diaffés ak galankor. Wanté ame ayes yones, domous djiangor djou béss bi, boye dieule garrabe meuna deugueure boppeu di khékhe ak garrabe gui. Lo lou meune ta takhe garrabe yiyes khékhe djiangoro dji dounou meuna beurri ayes yones. Niarrélou walate bobou meuna takhite djiangoro dj isa yarame, meuna yék bou gawe indi tamite si sa yarame sa wérgu yarame néw dolé, nassakhe.

Di séye ak yonous séyes you wore, meunala dimbeulé ba kéneu doula meuna waleu domou djiangoro dji. Dina la dimbeulé tamite ba domeuna wala domou djiangoro dji boudé danga ko ame, ki ngaye ándale si yonou séye.

## Lane moye ame boudé mangui dieule garrabe guiye khékhe djiangor dji?

Gnou meune la walate béne khétou domou djiangoro dji beurri na ayes yones name yangui dieule garrane wala do dieule garrabe gui. Name nite gniye dieule garrabe biye khékhe domou djiangor dji, gnou walate léne domou djiangoroye VIH dina diaffé torope. Li ko warale moye garrabe bi ngaye dieule daye méle ni garrabe bouye laye diapalé nguire khékhe djiangor bou dougagoule si sa yarame. Dina la khékhe lé si VIH dina wagni tamite ayes risks you takhe dounou la meuna waleu si lou yombe domou djiangoro dji.

Lo lou tamite dina takhe, boudé ndanga ame waleu bou béss, ak bénéne domou djiangor dji si yonou VIH, sa yarame meuna bagna ame ayes diaffés diaffés si pache mi nga done dieule. Lo lou dina takhite, dinga meuna weure domba djiangoro dj iba dolaue sonale si lou dieume sa wérgu yarame.

Khame nak bou bakhe tamite li amna sola, name ya ngui dieule sa garrabe biye khékhe domou djinagoro dji si nimou waré, meune nanou la walate domou djiangoro dji (na si yone bou touti) ak bénéne domou djinagoro dji bou outé ak bignou la walone, li koye warale moye domou djinagoro bou béss bi, daffa gueuna deugueure bopp b inga amé téye dieule garrabame.. Lo lou li mouye indi, moye takhawayou domou djiangor dji si sa bire déréte danou koye guissate, lolou dina takhe nga wara déme séti sa doctor ndakhe mou thiopile la garrabe bi ngaye dieule.

# Walante wate bou béss djiangoro VIH


## Lo wara Bayi khéle:

- Gnou walate djiamgorye VIH dina takhe bénéne domou djiangoro dji néke si sa birre yarame, lolou dina india yes diaffés diaffés si sa wérgu yarame si yéneu yones yi.

- Li chi eupeu, risk yi nga meuna ame boudé ya ngui dieule garrabe biye khékhe djiangor dji si nimou waré di topou ndigueulou sa doctor, meuna touti.

- Di dieule sa garrabe biye khékhe domou djiangor dji ni mou waré, takhawaye bou bakhe la ngirre are sa wérgou yarame ak wérgu yaramou k inga nékale. Di chi yo dina wagni risk gnou walate la djiangoro dji.

- Boudé danou la walate domou djiangor bou béss bo khamné daye khékhe domou djiangoro dji fa nékone, lo lou dina india yes galankores si garrabes yi nga dane dieule.




grupo de trabajo sobre tratamientos del VIH
ENTIDAD DECLARADA DE UTILIDAD PÚBLICA
ONG DE DESARROLLO

¿TIENES DUDAS SOBRE EL TEMA? PREGÚNTANOS
Tel. 93 458 26 41

**Descargo de responsabilidad**

La información contenida en esta ficha no pretende sustituir la recibida por el médico. Las decisiones referentes a la salud siempre deberían tomarse tras consultar con los profesionales sanitarios. La información médica puede quedar desactualizada con rapidez.

Si te surge alguna pregunta tras leer esta ficha, te aconsejamos hablar con tu médico o enfermera o llamar a gTt-VIH, al 93 458 26 41, para comprobar si existe alguna novedad relevante al respecto.

SUBVENCIONA

Gobierno de España – Ministerio de Derechos Sociales y Agenda 2030
Por solidaridad otros fines de interés social
Gobierno de España – Ministerio de Sanidad – Secretaría de Estado de Sanidad – Dirección General de Salud Pública y Equidad en Salud – División de Control de VIH, ITS, Hepatitis Virales y Tuberculosis
Generalitat de Catalunya
Salut/ Agència de Salut Pública de Catalunya
Diputació Barcelona – Àrea d'Igualtat i Sostenibilitat Social
Ajuntament de Barcelona

COLABORA

ETIS – Equip de treball sobre immigració i salut
Vall d'Hebron Barcelona Campus Hospitalari
eSPiC – Equip de salut pública i comunitària

SI TE HA PARECIDO ÚTIL E INTERESANTE EL CONTENIDO, COMPÁRTELO.